

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa nyaéta alat nu penting pikeun komunikasi. Sarua halna jeung nu ditepikeun ku Tarigan (2021), yén basa nyaéta sarana komunikasi nu vital. Basa ogé hal nu utama jeung geus jadi bagéan dina kabutuhan manusa sapopoé. Luyu jeung hakékatna, basa salaku alat pikeun interaksi antar sasama manusa. Sacara basajan, basa bisa dihartikeun salaku média pikeun nepikeun hal nu aya dina pikiran jeung dina rasa (Adnan, 2019).

Éra globalisasi jaman kiwari, loba pangaruh nu bisa nyababkeun parobahan kana ngagunakeun basa, utamana méré ngaran kana hiji hal. Ieu parobahan téh dikasangkutanan ku kamajuan élmu pangaweruh jeung téhnologi (Pebri, 2023). Pangaruh nu kasampak di tengah kahirupan jaman kiwari jeung bisa ditarima ku pamaké basa contona nyaéta ngaran-ngaran kadaharan nu diwangun ku ayana pangaruh téhnologi. Kamekaran basa bisa ditilik tina robahna kosa kecap (Chaer & Agustina, 2014). Éta parobahan téh muncul ku ayana ide rancagé ti panutur pikeun nyiptakeun kosa kecap nu anyar. Salaku alat pikeun nepikeun pesen, teu nutup kamungkinan bakal muncul fénoména-fénoména basa nu ngirut pikeun diulik (Ghoni spk., 2022). Salasahiji hasil kamékaran jeung fénoména basa nu bisa diulik di jaman kiwari nyaéta wangun abréviasi.

Wangun abréviasi geus jadi hal anu teu bireuk deui di jaman kiwari. Dina unggal widang profési, pamaréntahan, atawa swasta geus ampir maké wangun abréviasi. Ieu hal ngabuktikeun yén wangun abréviasi ilahar jeung bisa nyingget alur nepikeun béwara, henteu hambur kecap, jeung gampang diinget (Kuswaya, 2021). Ku lobana wangun abréviasi di masarakat bisa mangaruhan kamekaran basa, hususna basa Sunda.

Abréviasi nyaéta prosés motong atawa mondokkeun hiji kecap atawa sababaraha bagian léksém sangkan jadi wangun anyar nu statusna kecap (Kridalaksana, 2010). Luyu jeung pamadegan Chaer (2015), yén abréviasi nyaéta prosés *penanggalan* bagian-bagian léksém atawa gabungan léksém sangkan jadi

hiji wangun nu singget, tapi harti jeung ma'nana tetep sarua jeung wangun aslina. Lian ti éta, fungsi abrèviasi nyaéta pikeun nyingget kecap-kecap nu ditulis atawa dikedalkeun (Hidayatullah, 2021). Sacara struktural, abrèviasi aya dihandap ulikan morfologi. Morfologi nyaéta élmu nu maluruh ngeunaan wagun kecap jeung unsur-unsur nu jadi bagian sistemik hiji kecap (Adnan, 2019; Astuti, 2023; Kusumaningrum, 2017).

Ngagunakeun abrèviasi nu mangrupa singgetan teu leupas tina kahirupan sapopoé, boh sacara sadar atawa henteu. Ku réana ngagunakeun abrèviasi nu mangrupa singgetan atawa akronim, muncul ide-ide rancagé ngagunakeun basa pikeun meunangkeun kauntungan. Kauntungan tina karancagéan basa, teu ngan saukur bisa nyieun hiji hal jadi éféktif ngagunakeunana, tapi bisa ogé dimangpaatkeun salaku bisnis atawa wirausaha (Ayu, 2021). Contona waé dina widang kulinér, réa kadaharan atawa jajanan anu ngagunakeun abrèviasi saperti cimol, cilok, jeung colénak.

Tujuan ieu panalungtikan pikeun mikanyaho wanda-wanda abrèviasi dina ngaran kadaharan has Sunda jeung pola abrèviasi dina méré ngaran kadaharan has Sunda. Dasar élmu dina ieu panalungtikan nyaéta élmu morfologi jeung semantik. Morfologi nyaéta bidang linguistik nu maluruh ngeunaan morfém jeung kombinasi-kombinasina, ogé bagian struktur basa anu eusina aya kecap jeung bagian-bagian kecap, nyaéta morfém (Kridalaksana, 2001). Ari nu disebut prosés morfologis dina basa Sunda miboga lima wanda, nyaéta afiksasi, parobahan zero, réduplikasi, suplisi, parobahan nol (Rosmana dina Kusumaningrum, 2017). Dina ieu panalungtikan ngaguar ogé ngeunaan harti nu aya dina kadaharan Sunda. Harti dina hiji basa diulik ku semantik. Semantik nyaéta cabang linguistik nu miboga pancén nala'ah ma'na kecap, kumaha kamekaranana, jeung sabab lumangsungna parobahan ma'na dina sajarah basa (Mulyono dina Suwandi, 2011). Singgetna, semantik nyaéta hubungan antara ma'na jeung harti (Ulman dina Pateda, 2010). Bisa dicindekkeun tina pamadegan para ahli, yén semantik mangrupa bagian tina cabang linguistik nu maluruh ngeunaan ma'na atawa harti dina basa (Cristy, 2024; Rachma, 2023; Simatupang & Setyawati, 2023).

Aya sawatara kagiatan panalungtikan nu ngaguar ngeunaan abrési, di antarana karya tulis ilmiah nu judulna “Penggunaan Abreviasi dalam Bahasa Sunda (Kajian Morfosemantis)” ku Wulandari (2009) eusina nalungtik pola wangun abrési dina basa Sunda jeung nganalisis sata abrési nu ngarandapan parobahan makna. Lian ti éta, aya panalungtikan anu judulna “Fungsi Pelesetan Abreviasi Nama Kampus di Indonesia (Kajian Semiotika)” ku Handayani (2021), nu eusina aya fungsi humor jeung fungsi sindiran anu nyampak dina ngaran kampus di Indonesia. Aya ogé panalungtikan nu séjén dina skripsi nu judulna “Penggunaan Abreviasi Pada Penamaan Kuliner di Kota Makassar” ku Sartika Ayu (2021) eusina nalungtik wangun abrési dina méré ngaran kulinér di Kota Makassar, nyaéta singgetan jeung akronim.

Sasaruaan ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta sarua maluruh ngeunaan abrési. Sanajan kitu, ieu panalungtikan aya bédana jeung panalungtikan saméméhna nyaéta palebah objék nu ditalungtik jeung ulikan nu dicokot dina nalungtik ieu panalungtikan. Objék dina panalungtikan saméméhna nyaéta aya nu tina akun *twitter*, dina koran, aplikasi *jual-beli online*, jeung dina kekecapan sapopoé, sedengkeun ieu panalungtikan leuwih museur kana abrési dina ngaran kadaharan has Sunda nu nyampak di sabudeureun Bandung Raya.

Dumasar kana pedaran anu geus diébréhkeun di luhur, panalungtikan ngeunaan abrési téh masih perlu dilaksanakeun pikeun ngajembaran élmu kabasaan. Ku kituna, perlu dilaksanakeun ieu panalungtikan, kalayan judul Abrési dina Kadaharan has Sunda di Bandung Raya (Ulikan Morfologi jeung Semantik).

1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Dumasar kasang tukang anu geus dipedar di luhur, kapanggih sababaraha abrési dina ngaran kadaharan atawa lalawuhan has Sunda nu aya di Bandung Raya. Ku kituna, masalah dina ieu panalungtikan diébréhkeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha ma’na jeung karakteristik kadaharan has Sunda?
- b. Kumaha wanda abrési dina ngaran kadaharan has Sunda di Bandung Raya?

- c. Kumaha pola jeung prosés abréviasi dina ngaran kadaharan has Sunda di Bandung Raya?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umumna nyaéta pikeun mikanyaho sarta maluruh, ngadéskripsikeun, jeung nganalisis abréviasi dina kadaharan has Sunda di Bandung Raya.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana masalah di luhur, sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta:

- a. Ma'na jeung karakteristik kadaharan Has Sunda.
- b. Wanda abréviasi dina ngaran kadaharan has Sunda di Bandung Raya.
- c. Pola jeung prosés abréviasi dina ngaran kadaharan has Sunda di Bandung Raya.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahan référénsi anu bisa mekarkeun tur ngajembaran élmu pangaweruh dina widang basa. Hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun salasihiji sumber atawa bahan acuan pikeun panalungtikan kahareupna jeung masarakat lianna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat muka pangaweruh pikeun anu nalungtik jeung anu maca:

- a. Pikeun panalungtik, hasil tina ieu panalungtikan téh bisa méré pangalaman sarta ngeuyeuban pangaweruh hususna dina widang basa ngeunaan abréviasi dina ngaran kadaharan khas Sunda di Bandung Raya.
- b. Pikeun panalungtik ka hareupna, bisa jadi référénsi pikeun dimekarkeun jadi élmu pangaweruh sarta salaku sumber atawa bahan acuan dina panalungtikanana.
- c. Pikeun masarakat, dipiharep bisa nambahan wawasan jeung pangaweruh kana ngaran kadaharan khas Sunda nu aya di Bandung Raya.

d. Pikeun lembaga, dipiharep bisa nambahan référénsi panalungtikan jeung bisa mawa pangaruh anu hadé kana éta lembaga.

1.5 Ambahan Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh nyoko kana ulikan abreviasi dina kadaharan Sunda anu aya di wewengkon Bandung Raya. Ari ulikanana ngawengku wangun, pola, prosés jeung ma'na abréviasi dina kadaharan has Sunda.

Ambahan ieu panalungtikan dipidangkeun dina lima bab. Bab I Bubuka, diwengku ku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, jeung ambahan panalungtikan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina nyaéta ulikan tiori jeung panalungtikan saméméhna. Eusina medar tiori nu aya patalina jeung abréviasi, morfologi, semantik sarta kadaharan, sedengkeun panalungtikan saméméhna ngaguar ngeunaan bébédaan jeung sasaran panalungtikan anu dilakukeun jeung panalungtikan séjén ngeunaan abréviasi.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina nyaéta désain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan sarta téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngajelaskeun tur ngadéskripsikeun ngeunaan karakteristik kadaharan has Sunda, wangun, pola, jeung prosés abréviasi nu kapendak dina kadaharan has Sunda di Bandung Raya.

Bab V Kacindekan jeung Rékomendasi, eusina nyaéta kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi.